

Enstriksyon: Fòm sa a la pou konsantman pou divilge dosye edikasyon ba yon Health Home pou timoun ak adolesan ki enskri nan yon Health Home. Li gen ladan enfòmasyon sou ki dosye edikasyon ak ba kimoun yo kapab divilge dosye edikasyon yo. Konsantman pou divilge dosye edikasyon pou timoun ak adolesan ki poko gen 18 tan dwe jwenn apwobasyon paran an (gade definisyon paran nan Keson 5 ki anba la a). Se moun nan ki dwe bay konsantman pou divilge dosye edikasyon pou moun gen 18 tan.

EKRI NON HEALTH HOME AN LÉT DETACHE

EKRI NON TIMOUN/PASYAN/KLIYAN AN LÉT DETACHE

DAT NESANS

DIVILGASYON ENFÒMASYON - DOSYE EDIKASYON

1. Kisa dosye edikasyon ye?

Dapre Lwa sou Dwa Fanmi pou Edikasyon ak Enfòmasyon Prive (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) [34 CFR Pati 99], dosye edikasyon se dosye ki asosye dirèkteman avèk yon tibebe oswa jèn bebe nan Pwogram Entèvansyon Bonè (Early Intervention Program, EIP) oswa yon elèv epi yo konsève nan yon ajans oswa enstitisyon edikasyon, tankou yon founisè EIP, ofisyèl entèvansyon bonè lokal, oswa lekòl kote timoun nan te ye oswa ye nan moman an.

2. Kijan Health Home ak founisè sèvis li yo pral itilize dosye edikasyon timoun nan?

Health Home ak founisè sèvis li yo pral itilize dosye edikasyon timoun nan pou bay èd pou planifye ak kontwole swen sante timoun nan.

3. Ki lwa ak règ ki gen pou wè ak divilgasyon ak piblikasyon dosye edikasyon timoun nan?

Lwa ak règleman sa yo gen ladan Lwa federal 1974 sou Dwa pou Edikasyon Fanmi ak Enfòmasyon Prive (Family Education Rights and Privacy Act of 1974, FERPA) [34 CFR Part 99], Lwa New York sou Pwoteksyon Enfòmasyon Pèsonèl (Personal Privacy Protection Law, PPPL) [Lwa Fonksyonè Piblik §§91-99], Lwa New York sou Sante Piblik (Public Health Law, PHL) ak règleman ki detèmine EIP [Tit IIA Atik 25 ak 10 NYCRR §69-4], Lwa sou Edikasyon Moun Andikape (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA) [20 U.S.C. 1417 et seq.] ak aplikasyon règleman nan 34 CFR §300.610 jiska 300.627.

4. Ki kote dosye edikasyon timoun nan ap soti?

Dosye edikasyon yo soti nan men nenpòt founisè sèvis EIP piblik oswa prive oswa ofisyèl entèvansyon bonè lokal oswa lekòl, tankou yon lekòl pre-matènèl, ki konsève dosye edikasyon pou yon timoun ki enskri nan yon Health Home.

5. Yon paran dwe siyen konsantman an divilge dosye edikasyon pou yon timoun ki poko gen 18 tan. Kimoun ki kalifye kòm paron?

Yon paran vle di yon paran natirèl, yon responsab legal, oswa yon moun k ap pran desizyon kòm yon paran lè yon paran oswa yon responsab legal pa disponib [34 CFR § 99.3]. Paron vle di yon paran byolojik oswa yon paran adoptif, yon gadyen yo chwazi legalman ki gen otorizasyon anjeneral pou pran desizyon kòm yon paran timoun nan oswa ki gen otorizasyon pou pran desizyon pou entèvansyon bonè oswa desizyon edikasyonèl pou timoun nan oswa yon moun ki gen relasyon paron [8 NYCRR§200.1(ii)][§2541(14) Lwa sou Sante Piblik (Public Health Law, PHL), 10 NYCRR§69-4.1 (ah),(ai)]. Yon moun ki nan relasyon paron avèk yon lòt moun dwe gen ladan papa li oswa manman li, nan nesans oswa adopsyon, bòpè li oswa bèlmè li, gadyen chwazi legalman oswa responsab legal li. Yo dwe konsidere yon moun kòm responsab legal yon lòt moun si li pran responsablite ak swen moun nan paske paron yo oswa gadyen yo chwazi legalman pou moun nan te mouri, nan prizon, gen maladi mantal, oswa yo te mete li nan yon enstitisyon, oswa, paske yo te abandone moun nan oswa l ap viv deyò eta a oswa yo pa konnen kote li ye [Ed.L. § 3212]. Yon paran ka chwazi yon lòt moun kòm yon moun ki nan relasyon paron pou pran desizyon alaplas paron byolojik la oswa paron adoptif la (tankou yon granparan, yon boparan, oswa lòt manm fanmi timoun nan ap viv avèk yo) dapre tit 15-A Lwa sou Obligasyon Jeneral (General Obligations Law). Yon paran gen ladan tou yon paran ranplasman ofisyèl entèvansyon bonè oswa distri lekòl te chwazi pou pran desizyon edikasyonèl sou non tibebe/jèn bebe oswa elèv [8 NYCRR §200.5(n)][10 NYCRR 69-4.16(d)]. Yon paran pa gen Leta si tibebe a/jèn bebe a oswa elèv la se yon timoun ki anba swen Leta[8 NYCRR §200.1(ii)(1)] [10 NYCRR 69-4.16].

6. Èske Health Home kapab re-divilge dosye edikasyon timoun nan?

Non. FERPA sèlman fasilité re-divilgasyon avèk konsantman paron an [34 CFR §99.33]. Si Health Home ap chèche re-divilge dosye entèvansyon bonè oswa dosye edikasyon timoun nan, yo dwe chèche jwenn konsantman paron an anvan (si timoun nan poko gen 18 tan) oswa konsantman moun nan (si li gen 18 tan ak plis).

KONSANTMAN POU DIVILGE DOSYE EDIKASYON

Mwen rekonèt:

- si mwen bay konsantman sa p ap gen konsekans sou resepsyon EIP oswa pwogram oswa sèvis edikasyon espesyal pitit mwen (jan li apwopriye);
- kèlkeswa desizyon mwen pou bay konsantman mwen, tout sèvis obligatwa ki nan Plan Sèvis Famili Endividyle oswa Pwogram Edikasyon Endividyle (Individualized Education Program, IEP) pa mwa oswa pa pitit mwen gratis pou mwen; epi
- si mwen fè demann lan, mwen ka revize kopi dosye yo divilge yo dapre konsantman sa a.

Depi mwen siyen fòmilè sa a, mwen dakò pou:

- _____ EKRI NON TIMOUN/PASYAN/KLIYAN KI ENDIKE ANWO A AN LÉT DETACHE
- Mwen te revize enfòmasyon ki endike anwo a sou divilgasyon dosye edikasyon; epi
- Yo te fè mwen konnen tout enfòmasyon ki asosye avèk konsantman mwen pou divilge dosye edikasyon yo ba Health Home.

enskri nan Health Home;

Mwen bay konsantman mwen avèk volonte mwen pou

EKRI NON OFISYÈL ENTÈVANSYON BONÈ LOKAL ESPESYAL LA, FOUNISÈ
SÈVIS EIP (YO) OSWA LEKÒL LA AN LËT DETACHE

pou yo divilge dosye edikasyon/enfòmasyon ki endike anba la yo sou mwen oswa sou pitit mwen (jan li apwopriye),

- Pwojè Edikasyon Endivididyèl (IEP);
- Plan Sèvis Fanmi Endivididyèl (Individualized Family Service Plan, IFSP);
- Rapò Evalyasyon Edikasyon Espesyal (pa egzanp, istwa sosyal, evalyasyon sikolojik, obsèvasyon nan salklas, lòt evalyasyon ki dekri faktè fizik, mantal, konpòtmantal ak emosyonèl ki lakòz andikap la);
- Estimasyon Milti-Disiplinè Entèvansyon Bonè ak evalyasyon, tankou evalyasyon debaz ak evalyasyon siplémentè ak lòt evalyasyon ki dekri devlopman fizik timoun nan, devlopman koyitif li, devlopman komunikasyon li, devlopman emosyonèl sosyal li, ak devlopman adaptatif epi/oswa pwoblèm fizik oswa mantal doktè dekouvrir avèk yon gwo posiblite pou lakòz reta devlòpmantal);
- Evalyasyon Volontè Fanmi an si li fèt pandan evalyasyon milti-disiplinè EIP;
- Lòt, endike:

Mwen bay konsantman mwen avèk volonte mwen pou yo divilge dosye ki tcheke anwo a ba:

NON HEALTH HOME

NON AJANS JESYON SWEN SANTE NAN KAY

NON DOKTÈ A

LÒT

LÒT

Mwen rekonèt:

- Mwen ka anile konsantman sa a nenpòt lè depi mwen siyen fòm Konsantman ba Health Home/Anilasyon Divilgasyon Dosye Edikasyon (DOH-5204);
- si mwen anile konsantman an sa p ap gen konsekans negatif sou aksyon yo te fè apre mwen te bay konsantman mwen epi anvan mwen te anile konsantman mwen; epi
- konsantman mwen dwe rete anvigè jouk lè mwen anile li alekri.

Pou timoun ki pokò gen 18 tan:

Pou timoun ki gen 18 tan ak plis:

EKRI NON PARAN TIMOUN NAN AN LËT DETACHE

EKRI NON TIMOUN/PASYAN/KLIYAN AN LËT DETACHE

SIYATI PARAN TIMOUN NAN

SIYATI TIMOUN NAN/PASYAN AN/KLIYAN

DAT LA

DAT LA

Èske ou bay ofisyèl entèvansyon bonè lokal EIP ak founisè sèvis EIP (yo) oswa lekòl la otorizasyon pou yo transmèt dosye edikasyon pwoteje nan imèl kode (pwoteje) ba Health Home? (Fè yon ti kwa nan ti bwat la)

- Wi
- Non